



# An nou retounen



## Aprann ti konsèy la

- **Remake mo konplike a.:** Lè pitit ou ap debat avèk yon mo, reflechi: *Èske se yon mo pitit mwen ka rankontre ankò?*
- **Rete tann epi fè lwanj:** Pran pasyans. Pafwa lektè yo sèlman bezwen yon ti tan. Itilize kesyon yo pou antrene pitit ou epi fè li sonje pou gade lèt yo.
- **Retounen epi reli avèk ekspresyon:** Ou kapab mande pitit ou pou reli fraz la nèt oswa pou pi gran timoun yo, pou reli de oswa twa fraz.

### Pou kisa ti konsèy sa a?

Si ou li *avèk konpetans* oswa san pwoblèm, se yon ladrès ki enpòtan anpil nan lekti. Si ou reli apre pitit ou te deja chèche konprann yon mo konplike, se yon bon jan fason pou li pou pratike lekti avèk konpetans.



## Mande pitit ou

*Timoun ki pi jèn yo:*

- Èske ou kapab itilize dwèt ou epi li sa son-pa-son?
- Ou kapab fè sa! Kontinye eseye!
- Èske ou wè nenpòt pati ou konnen andedan mo konplike a?

*Pi gran timoun yo:*

- Èske mo ou di a koresponn avèk lèt ak son ou wè yo?
- Èske ou kapab fè yon mo vin yon ekspresyon avèk mo toutotou li?
- An nou retounen pou reli li depi nan kòmansman.



## Pratike avèk kè kontan

Pwochèn fwa w ap gade yon film, aktive soutit yo. Chak peryòd pran yon pòz epi envite pitit ou pou li soutit yo sou ekran an de fwa, chak fwa avèk tout konpetans li kapab. Answit peze touch play epi koute fason moun ki nan videyo a di mo yo.

